

SS.7.C.3.4

Identifie relasyon ak divizyon nan pouvwa yo ant gouvènman federal la ak eta yo.

SS.7.5rt6frC.3.4 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap konpare pouvwa konkouran yo, pouvwa enimere yo, pouvwa rezève yo, ak pouvwa delege yo kòm yo gen rapò ak gouvènman eta yo ak gouvènman federal la.

Kalite Pouvwa yo	Definisyon yo
Pouvwa Konkouran	Pouvwa konkouran se pouvwa ke gouvènman nasyonal la ak eta yo pataje. Kèk egzant sou pouvwa pataje yo se: <ol style="list-style-type: none"> 1. Pouvwa pou enpoze taks (takse pèp la) 2. Kapasite pou prete lajan
Pouvwa Enimere	Pouvwa enimere (delege) yo se pouvwa ki espesyalman nan lis Konstitisyon an pou gouvènman nasyonal la <u>sèlman</u> . Kèk egzant sou pouvwa ke yo akòde a gouvènman nasyonal la se: <ol style="list-style-type: none"> 1. Pouvwa pou òganize ak sipòte yon lame ak marín 2. Pouvwa pou fè pyès monnen lajan 3. Pouvwa pou deklare lagè
Pouvwa Rezève	Pouvwa rezève yo se pouvwa ke Dizyèm Amannman nan Konstitisyon Etazini an bay eta yo. Amannman sa a di ke nenpòt pouvwa ki pa espesye pou gouvènman nasyonal la rezève pou eta yo. Men kèk egzant sou pouvwa ki apatni a eta yo: <ol style="list-style-type: none"> 1. Pouvwa pou òganize eleksyon 2. Pouvwa pou konstri ak òganize lekòl
Pouvwa Delegè	Pouvwa delege yo se menm bagay ak pouvwa enimere yo. Yo se pouvwa ki espesyalman nan lis Konstitisyon an pou gouvènman nasyonal la <u>sèlman</u> . Egzant adisyonèl nan pouvwa ke yo akòde a gouvènman nasyonal la se: <ol style="list-style-type: none"> 1. Pouvwa pou kontwole komès ak biznis 2. Pouvwa pou etabli règ pou natiralizasyon imigran yo 3. Pouvwa pou deklare lagè